




Karakteristik drepanositoz (SCT) laa Sickle Cell Trait (SCT) (Haitian Creole)

Yon karakteristik se yon bagay inik nan ou menm, tankou chevew oswa koulè jew. Karakteristik yo soti (erite) nan men paran ou. Jèn yo pote enfòmasyon ki fè yon karakteristik. Moun ki gen karakteristik drepanositoz (SCT) gen 1 jèn drepanoselilè ak 1 jèn nòmal.

- Lèw gen karakteristik drepanositoz se **pa** menm bagay ak maladi selil falsifòm (SCD).
- Karakteristik drepanositoz vle di ou ka pase karakteristik drepanositoz la oswa maladi a (anemi falsifòm) bay pitit ou yo.
- Moun ki gen karakteristik drepanositoz viv yon lavi nòmal. Anjeneral, yo pa gen sentòm maladi selil falsifòm (drepanositoz) lan.
- Moun nenpòt ras oswa background ka gen karakteristik drepanositoz; sepandan, li rive nan 1 sou chak 12 Afriken Ameriken.



Transmision Karakteristik drepanositoz oubyen maladi selil falsifòm lan

- Siw erite 1 yon **jèn drepanosité (S)** ak 1 **jèn, nòmal ki pa drepanosité (A)**, lè sa a, ou gen karakteristik drepanositoz. Ou menm ou se yon pòtè pou maladi anemi falsifòm lan.
- Li enpòtan pou konnen si patnè ou gen karakteristik oswa maladi drepanositoz. Si li gen swa youn swa lòt, yon pitit ou genyen ansanm ta ka gen selil falsifòm (Foto 1).




Image source: Enstiti Nasyonal pou Sante (National Institute of Health), Enstiti Nasyonal pou Kè, Poumon ak San (National Heart, Lung, and Blood Institute)

Foto 1: Posiblite pou paran ki gen SCT pasel bay pitit yo.

- Si oumenm ak patnèw nou tou de gen karakteristik drepanositoz, pitit ou a ta ka genyen:

AA	– 25% posiblite gen 2 jèn nòmal ak global wouj nòmal.
AS	– 50% posiblite gen 1 jèn nòmal ak 1 jèn drepanositoz. Sa a se karakteristik drepanositoz. Yo pral gen kèk selil drepanositoz.
SS	– 25% posiblite gen 2 jèn drepanositoz; sa a se maladi selil falsifòm lan.

- Si 1 paran ki gen karakteristik drepanositoz ak 1 paran ki gen emoglobin anòmal gen yon timoun, timoun sa a ta ka gen maladi drepanositoz la tou. Emoglobin anòmal sa a ka gen ladan beta talasemi, emoglobin C, oswa emoglobin E.
- Ozetazini, yo fè tès depistaj pou tout ti bebe ki fenk fèt yo pou detekte karakteristik drepanositoz ak maladi falsifòm.

Pwoblèm ak karakteristik drepanositoz

- Raman, moun ki gen karakteristik drepanositoz ka gen sentòm ki sanble ak pa yon moun ki gen maladi drepanositoz. Sa a anjeneral rive nan kondisyon ekstrèm, tankou:
 - Yo nan yon wotè trè wo (altitud).
 - Gen oksijèn ki ba poutè egzèsis ekstrèm. Sa a ta ka yon kan fòmasyon militè oswa fòmasyon pou yon evènman espòtif.
 - Pa gen ase dlo nan kò ou (dezidrate anpil).
 - Ale nan fon lanmè oswa fè pèch soumarin.

Maladi Drépanocytose

- Maladi drepanositoz se emoglobin ki pa nòmal ki lakòz li. Emoglobin se yon pati nan global wouj nou yo ki pote oksijèn.
- Li se yon maladi san, ki dire tout lavi.
- Global wouj nòmal yo lis epi you touwon. Global wouj nan maladi drepanositoz yo di, kolan, epi yo gen fòm tankou yon fig.
- Selil nan maladi drepanositoz yo gen difikilte pou yo deplase nan ti vesò sangen poutè fòm yo. Yo ka akimile epi bloke vesò yo. Lè blokaj la rive, san an pa ka pote oksijèn nan sèten pati nan kò a.

Plis Enfòmasyon

Pou plis enfòmasyon sou karakteristik drepanositoz, kontakte Sickle Cell Comprehensive Clinic nan Nationwide Children's Hospital nan (614) 722-3250.

Ou ka vizite tou: <https://www.cdc.gov/ncbddd/sicklecell/toolkit.html>